# МИЗДАХКАН - ШАМУН– НАБИ ҮЙРЕНИЛИЎ ТАРИЙХЫНАН

**Хакимниязов Ж.Х.**
*Қарақалпақ Мәмлекетлик Университети*

Хорезм - еки мың жылдан аслам бурынырақ ертедеги грек тарийхшылары тәрепинен Оксус, ал орта әсирлерде Жайҳун дәрьясы деп аталған уллы Әмиўдәрьяның төменги дельталары бойларында қәлиплескен өз заманының ең ири оазислериниң бири есапланады. Дарьяның шеп ҳәм оң тәреплери - Қарақум ҳәм Қызылқум шөллери менен қоршалған болса, арқасында, Арал ҳәм Каспий теңизлери аралығында саҳра көшпелилери менен отырықшы халықлардың қала ҳәм елатлықларының шегарасын белгилеген Үстирт платосы жайласқан.

Б.э.б. IV-III әсирлерден баслап Хорезмде экономикалық ҳәм мәдений раўажланыў сезиледи: суўғарыў тармақлары кеңейеди, жаңа қалалар (Базар қала, Жанбас қала, Қой-қырылған қала, Топырақ қала, Миздахкан ҳ.т.б.) салынып, өнерментшилик ҳәм искусство раўажланады.

Миздахкан, Әмиўдәрьяның (Қарақалпақстанның Хожели қаласы) төменги ағысындағы ең ири археологиялық комплекс есапланып, бай тарийхы ҳәм бир-биринен ажыралып туратуғын көплеген естеликлери менен дыққатқа ылайық. Комплекстиң хронологиялық диапозони дәўирди (б.э.ш 1-мың жыллықтың ортасынан усы күнге шекем), кең көлемдеги майданы, ондағы ҳәр түрли обьектлер (қала қарабаханалары, антик некрополь, суўғарыў қурылмалары қарабаханалары ҳәм де үлкен әҳмийетке ийе архитектуралық естеликлер, ҳ.т.б) естеликтиң антик ҳәм орта әсир тарийхын, үлкемизде жасаған халықлардың жаңа тарийхындағы бир қатар машқалалардың шешимин табыўымызға имканият береди.

Миздахкан комплексиниң антик орынлары төмендеги археологиялық обьектлерди өз ишине алады:

1. Жергиликли халық арасында ҳәм илимий әдебиятларда Гәўир-қала аты менен белгили ески қала қарабаханасы;
2. Кең майданда жайласқан Алтын Орда дәўирине тийисли қаланың мәҳәллелериниң қалдықлары;
3. Қаланың ишки ҳәм әтирапындағы суўғарыў системалары ҳәм егислик майданлар;
4. Қала әтирапындағы жеке қурылыслардың қалдықлары;
5. Қала турғынлары ҳәм оның әтирапындағы елатлықларда жасаўшы халықлар тәрепинен пайдаланып келинген Мазлымхан сулыў төбелигиндеги некрополь (қойымшылык), ондағы жеке архитектуралық қурылыслырдың қалдықлары;

Аты келтирилген өзгеше бул комплекс, түрли өлшемдеги үш төбешикте жайласқан: арқа, шығыс ҳәм батыс олар арасындағы сезилерли дәрежедеги бослықтан ибарат. Комплекстиң улыўма майданы шама менен 12 кв. км. Миздахкандағы ең ертедеги қонысласыў С.П.Толстовтың пикири бойынша эрамызға шекемги V-III әсирлерде кангюйлар дәўиринде батыс төбеликте пайда болған [24. 8-9].

Эрамыздың VIII әсириниң басларында Әмиўдәрьяның төменги ағысын араблар басып алып, бул жерде ислам дини енгизиледи. Бирақ, Орайлық Азияның көплеген аймақлары сыяқлы, Әмиўдәрьяның төменги ағысында да мусылман дини жергиликли үрп-әдетлер ҳәм түсиниклерди өзине қайшы келмес тәреплерин сиңдире алды. Төрт әсирден соң монгол ордалары Миздакхан жанындағы төбешиклердиң биринде эрамыздан бурынғы V әсирде салынған Гәўир қала қорғанын қыйратты. IX-XI- әсирлерде қала қайта тикленип қорған диийўаллары ҳәм цитадель (қала ҳәкими сарайы, майданы 513 кв. м.) салынады. XIII әсирде Монголлардың Хорезм оазисин басып алыўы Миздахканда өмирдиң ўақтыншалық тоқтап қалыўына себеп болады. Миздакханның Уллы жипек жолының кесилиспесинде жайласыўы, Жошы улысының қурамында раўажланыўын даўам етиўине имкан жаратты. XIII әсир екинши ярымы XIV әсирде Гәўир қаланың арқасында 80 гектарлық майданды ийелеген жаңа, саўда хәм санаат раўажланған қала қурылады [10.80-83].

Бул естелик “Миздахкан” ("Мардаджкан"), аты менен тарийхта сақланған ҳәм орта әсир Араб географларының шығармаларында көп мәрте тилге алынады [24,8-9] Ең ерте еске тусириўлерди бизлер ал-Истахри (930-933) «Китаб масалик ал-мамамик» шығармасында «Джейхун ҳәм Кардар аралығында Миздахкан болыслығы жайласқан, Миздахкан Джейхунға дейинги еки фарсах (1 фарсах 6-7 км), ол Джурджанияның қарама-қарсысында жайласқан» делинген. Кейинирек ал-Макдиси (985ж) “Асхан ат-такасим фи Марифат ал-акалим” мийнетинде «Миздахкан-улкен қала, оның әтирапында 12-мың қорған ҳәм жүдә кең аймақ……. көлеми Джурджанийға (Гөне Ургенч) бара-бар, әтирапы дийўал менен қоршалған»-» -деп жазған [12,179-180].

Алтын Орда дәўириндеги 1349-жылы Хорезм әмири Кутлуғ Темир дүзген ўақым ҳүжжетде: «Жоқары дәрежедеги ҳүрмет-иззетимизге ийе болған белгили сейд аўладларынан…. шайхлардың шайхи Сүлейман Хадади Мусевийге арнап Миздахкан төбешиги қасынан «ақ ханака» салдырдым. Оған Миздахкан ҳәм Багдад [4,169-172] аралығынан көп жер сыйлыққа бердим» деген мағлыўмат келтириледи. (Бағдад белгили қала болып, ҳәзирги Қараөзек районы аймағында жайласкан).

Миздахкан биналарын қурыў барысында жергиликли усталар өнерментлер тәрепинен жоқары сападағы сапал ыдыслар, архитектуралық безеклер кашинлер, темир, мыс ҳәм шийше буйымлары ислеп шығарылған. Алтын Орда дәўирине тийисли мәҳәллердеги алып барылған археологиялық изертлеўлер барысында май ҳәм шарап ислеп шығаратуғын орынлар, темиршилик устаханалары, Ҳинд Океаны әтирапы еллеринен келтирилген бақаншақ тәризли безелген көк иреңли (каурилар) буйымлар, Қытайдан келтирилген қолда исленген целодонлар, фарфор ыдыслар, теңгелер, Иран ҳәм Византиядан ақ қуў ҳәм арыслан сүўретлери түсирилген фарфор ыдыслары

ҳәм теңгелер табылмақта [11,102-109]. Алтын Орданың Бердибек (1331-1342) ҳәм Жәнибек (1357-1359) ханларына тийисли теңге пуллары табылды.

Естелик биринши мәрте 1928-1929 жылларда изертленген. Санкт-Петербург университети профессоры А.Якубовский Халифа Ережеп, Мазлымхан сулыў, Шамун Наби сыяқлы архитектуралық естеликлердиң қарабаханалары жайласқан Миздахканда изертлеўлер жүргизеди. Оның айтыўынша, Миздахкан Үргенишке яғный Хорезмшахлар мәмлекетине қараслы болған. Монголлар дәўирине шекем Миздахканның Әмиўдарьяның оң тәрепинде жайласқанлығы себепли көшпелилер менен саўда-сатлық жумысларын алып барыўы ҳәмде оң жағадағы ең үлкен қалалардың бирине айланғанын [25, 556-597]. Оның изертлеўлери, Академик В.В.Бартольдтың Гәўир қала қарабаханаларының орта әсирлер Миздахкан менен байланыстырыў ҳаққындағы болжаўдың туўрылығын тастыйықлады [1, 164-168].

С.П.Толстовтың басшылығында Хорезм археология - этнографиялық экспедициясы 1946-жылы Мазлымхан-сулыў мазарында изертлеў жумысларын өткериў барысында Гәўир қала (Миздахкан) үйрениледи ҳәм сүўретке алынады [2, 611-648]. Қаланың архитектуралық естеликлерин изертлеген Б.Н.Засыпкин [6, 159], В.И.Пилявский 1948-жылы Халифа-Ережеп - XIII-әсир, ал Мазлымхан-сулыў - XIV-әсир деп хронологиялық дәўирлери бойынша пикир билдирген [13, 41]. 1959 ҳәм 1966-жыллары Мазлумхан-Сулыў естелигинде изертлеўлер жүргизген В.М.Филимонов [14, 62-83] естеликти жер асты қурылысы емес, ал жер үсти қурылысы болып ол пухуралық жай (үй, сарай) мақсетинде қурылған, тек кейинирек мавзолейге айланған деген пикир билдиреди. Халифа Ережеп мешит-медресе ҳәм Мазлымхан-Сулыў мавзолейиниң қурылыс материалларын технологиялық жақтан изертлеў жумыслары менен шуғылланған Н.Г.Гражданкина, қурылыс материаллары өзиниң жоқары беккемлигин сақлап қалғанлығын химиялық-технологиялық анализлер [4,42] жуўмағы тастыйықлағанын атап өтеди.

Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими Тарийх, тил ҳәм әдебият Институты Археология бөлиминиң шөлкемлесиўи менен орта әсирлердеги Хорезм археологиялық естеликлерин изертлеўлерде жаңаша бир дәўир басланады. 1962, 1964-1965-жылларда археология бөлими жәмәәти В.Н.Ягодин басшылығында Миздахкан комплексинде стационар изертлеўлерин алып барады. Бул жумыслар даўамында, антик ҳәм орта әсирлердеги Миздахканның топографиясы ҳаққында жаңа мағлыўматлар алынды, ири қала некрополы үйренилди ҳәм биринши мәрте естеликтиң айрым бөлимлеринде археологиялық қазыў жумыслары менен бирге инструменталь сүўретке алыў жумыслары әмелге асырылды.

Алып барылған изертлеўлер барысында Миздахкан қаласы б.э.ш V-III әсирлерде Кангюй дәўиринде батыс төбеликте (Гәўир-қала) жүзеге келгенлиги тастыйықланды [22, 189-192]. Гәўир қаланың майданы сңғы алып барылған изертлеўлер бойынша 8,7 гектарға тең [21,9]. Миздахкан халқының диний исеними, жерлеў мәресимлери, олардың түрлери, қонысланыў басқышлары ҳәм стратиграфлық қатламларының түрлери бойынша мәселелер үйрениледи [23, 9]. Мазлымхан сулыў, Ережеп халифа, Шамун набидиң мақбарасы хәм Жумарт Қассап төбелигинде изертлеўлер алып барылды. 1966-жылы археологлар, этнографлар, палеонтологлар, антропологлар, философлардан дүзилген арнаўлы комиссия, ҳақыйқатты ортаға шығарыў ушын қәбирди ашып иззертледи. Шығысқа карай тереңлиги 70 см ге шекем, узынлығы 2 метр болған шуқыр қазылған, батыс тәрепиндеги шуқырдың узынлығы 3 м. тереңлиги 80 см. қазылған. Қәбир иши бос екенлигин ҳәм адам сүйеги таўылмағанлығы анықланды. Этногроф Х. Есбергеновтың жергиликли халықтан топлаған мағлыўматларына гөре жети гүмбезли мақбараның қурылыўы XIX-әсирдиң басларына туўры келеди [5, 48-52].

Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими Тарийх, тил ҳәм әдебият Институтының Михдахкан археологиялық экспедициясы жәмәәти 1987-1990-жылларда Өзбекстан Мәдений министрлиги ӨзНИПИ Реставрация институты менен биргеликте Миздахканның Шығыс төбелигиниң рельефи ҳәм хронологиясын анықластырыў, естеликлерди реставрация қылыў бойынша илимий изертлеўлер жумысларын алып барады. Жумарт Қассап төбелиги, Шамун Наби мақбарасы, Мазлымхан сулыў, Халифа Ережеп естеликлерин үйрениў барысында алдынлары белгисиз болған жәмийетлик диний – мемориаль қурылыслар (Ақ ханако комплекси ҳәм аты белгисиз мақбаралар) үйренилди [18,124-129., 19, 113-116., 20. 123-127]. Изертлеўлер нәтийжесинде, Манголлардың жаўлап алыўы ақыбетинде Хорезм сиясий жақтан қатаң өзгерислерге дус келгенлиги, археологиялық табылмаларда (жерленген инсанлардың жанынан табылған мәйек, жипектен тоқылған гезлемелер, зергерлик буйымлары, тағыншақлар), XIII-XIV әсирлерде бул қала турғынларының Дешти-Қыпшақ көшпелери менен алыс берис, келисимли қатнаста болғанлығын дәлиллейтуғын мағлыўматлар топланады [19, 116-119., 20, 123-127].

Қарақалпақ мәмлекетлик университети археологиялық топары 1985-жылдан берли Миздахкан комплексиндеги Алтын Орда дәўирине тийисли Антакия қаласында изетлеўлер алып бармақта [9, 19]. Бул изертлеўлер жуўмағында соңғы жылларда бир қанша мәҳәллелерден ибарат турақ жай комплекслери анықланды. Мәҳәллелерден түрли типтеги ханалар ашылыўы, гүлалшылық устаханалары, вино ислеп шығаратуғын қурылыслар, мәҳәлле мешити қалдықларын қазыў ислери алып барылды [8, 26].

Жергиликли халық арасында Миздахканның дерлик барлық диний объектлери "жети" саны менен байланыслы. Жети гүмбез Шамун набидиң қызлары жети сулыў атына қурылған делинеди. Әпсаналарға қарағанда, Халифа Ережеп естелигиниң қасына пайғамбарымыздың жети саҳабасы көмилген. Сағанаға "жети сақаба" аты бериледи. “Жети Қари” қәбири жети Қуран оқыўшысына тийисли. Сол себепли зиятатшылар жети гербиштен үстин, бириниң ўстине бирин тақластырып ислейди. Буннан басқа “Ережеп” (“Режеп”) Халифа

естелигин Араб календарындағы жетинши айдың аты менен байланыстырады. Бул естеликти “Дүнья сааты” депте атайды. Жылында бир мәрте естелик дийўалынан бир гербиш түседи деген әпсанада бар, ақырғы гербиш түскенинде жер бетинде тиришилик тоқтайды делинген. Сонлықтан жергиликли турғынлар естелик дийўалынан түскен гербишлерден жети үстин етип тақлап оның сақланыўы жети жылға созылады деп исениледи. Ҳәзир бинаның қубла, шығыс ҳәм арқа тәрепиндеги дийўаллары ғана сақланған.

Миздахкан некрополында (шығыс төбелик) зардуштийлик ҳәм ислам дәстүрлери өз ара тығыз байланысқан; зардуштийлик жерлеў дәстүрлери (ассуарийда, гүзеде ҳәм саркофакта) [23, 7], орта әсирлик естеликлери қәбирлер, мешитлер, мақбаралар, сағана ҳәм ханакалар сақланған. Буннан тысқары қулпы таслар, жар тас, бесик тас ҳәм басқада қәбир үсти қурылыслары сақланған.

**Шамун-наби комплекси (XII-XIV әсирлер)** Мазлымхан –сулыў төбелигиниң арқа бөлиминде жайласқан болып, бир неше бөлектен ибарат: узын етип дийўал менен қоршап салынған қәбир - сағана, тилеўхана, ҳәм шайыхханадан ибарат. Мақбара өлшемлери 29х5,2 м. болған төртмүйеш көринисине ийе. Тийкарғы кирер есиги шығыс тәрепинде жайласып «П» көринисиндеги пештақ (портал) (5,3х7 м.) пенен ажыралып турады. Пештақтың артқы тәрепине жапсырылып бирдей көринистеги туўры сызық бойлап салынған жети гүмбезли бөлимлер шынжыры жайласқан. Ҳәр бир үстин (58х40 см) бөлме көринисин пайда етип (2,8-2,95х3,7 м.) қурайтуғын гүмбезли мақбара дийўаллары беккемленген ийилген аркаларға байланысады. Биринши бөлимниң қубла дийўалында жайласқан терең емес көринистеги айрықша ниша (текше) изертлеўшилер пикири бойынша миҳраб хызметин атқарған [16,86-100], [15].

Сағана – узын төртмүйеш формасында (25,3х1,3 м.). Төменги тәрепинде сағананы периметри бойлап дөгерегин орап турған еки текше бар. Археологиялық қазыў жумыслары барысында мақбараның еки еден қатламы анықланды. Төменги қабат алебастр еритпеси менен бириктирилген пискен гербиш (24х24х5-6 см) пенен өрилген, жоқары еден 0,15 м. бийикликте жайласқан болып, кейинирек қайта дүзетиў ҳәм дийўаллардың сыбаўы төгилиўи нәтийжесинде пайда болған. Батыс тәрепинде, мақбара жапсырылып салынған жуп гүмбезли пештақлы тилеўхана табылған. Оның жобасы мақбара сыяқлы арқа-батыс узынлығы бойлап бағдарланып анық туўры төртмүйешли көринисте жайласқан. Пештақтың бийиклиги мақбара батыс дийўалынан шама менен еки метрдей бийик болған. Тилеўхана бөлмелери реже бойынша туўры төртмүйешли болып, бирдей өлшемде (7,2х6,25 м.) қурылған. Есиги (0,8 м) батыс тәрепте жайласқан. Бөлмелер бир-бири менен байланыспаған ҳәм вестибюль менен төмен өткеллер менен байланысқан. Дийўаллардың ортасында, ишкериде, шыра ушын (ниша) арнаўлы текше орынлары бар.

Тилеўхана дийўаллары туўры төртмүйешли өлшемдеги (23-24х23-24х4-4,5 см.) қам гербишлерден өрилген. Еденине алебастр еритпеси үстине пискен гербиш (20-22х20-22х3,5-4 см.) төселген. Хананың ишинде, үсти топырақ пенен үйилген қәбирлерден тысқары, басқа қурылыс излери табылмады. Имараттың қубла тәрепиндеги бөлиминде еденниң үстинде "қурбанлық ушын орын" ҳәм вертикал түрде тақланған алты пискен гербиш табылған. Жәнеде қыны менен суйек тутқышы болған қанжар ҳәм ҳасаның темир ушы табылды [20,123-127]. Археологиялық қазыў жумыслары барысында табылған материаллары тийкарынан сырланған ҳәм сырланбаған ыдыслардың бөлеклери: гүзелер, кеселер, шыралардан ибарат. Гүлал ыдыслардан тысқары, қаплама гүләл плиталары (кашинлер), ҳәр қыйлы сырғалар, шийше буйымларының сынықлары ушырасады. Табылған буйымлар комплекси Шемаха-қаладан табылған материалларға уқсас болып, XIII-XIV әсир екинши ярымына туўры келеди [17,25-26]. Бул дәўирге жәнеде қурбанлық етиў ушын пайдаланылған тастан исленген ыдыс (тас қазан) та тийисли. Ибн Батутта Бундай қурбанлық ушын арналып тастан исленилген ыдыс (тас қазан) [7,66] Нажимиддин Қубра мақбарасы жанында да болғанлығын, 1333 -жылда Ургенчке келген дәўиринде жазып қалдырған. (Даўамы кейинги санында…)

**ӘДЕБИЯТЛАР**


1. Бартольд В.В. История орошения Туркестана. Соч., М: 1965. Т.III.
2. Вактурская Н.Н., Воробьева М.Г. Хроника работ хорезмской экспедиции// Труды ХАЭЭ. - М, : Наука 1952,Т.1.
3. Гражданкина Н.С. Строительные материалы мавзолеев Миздахкана. Архитектурное наследие Узбекистана. Ташкент, 1960.
4. Гулямов Я.Г. История орошения Хорезма с древнейших времен до наших дней. Ташкент,1957.
5. Есбергенов Х., Ягодин В.Н. Некоторые итоги изучения мазара Шамун-наби. Вестник ККФАН РУз. -1966. -№ 4.
6. Засыпкин Б.Н. Архитектура Средней Азии. -М.,1948.
7. Ибрагимов Н. Ибн Баттута и его путешествия по Средней Азии. М., 1988.
8. Кдырниязов М.Ш. Материальная культура городов Хорезма в XIII- XIV вв. Нукус, 1989.
9. Кдырниязов М.Ш., Туребеков М. Миздахкан-город золотоордынского времени. Тезисы докладов научно-практической конференции Ходжейли древнейший город республики Каракалпакстан", Нукус, 1994.
10. Кдырниязов М.-Ш, Бауетдинов Р. Торговые связи средневекового Миздахкана// Археология Приаралья. Вып.6. Нукус, 2003.
11. Кдырниязов М-Ш., Бауетдинов Р. Средневековый Миздахкан. Самарканд. 2010.
12. Материалы по истории туркмен и Туркмении, т.1-2. Л-М., 1939.
13. Пилявский В. И. Куня -Ургенч и Миздахкан. – М., 1948.
14. Филимонов В.М. Уникальный памятник гражданского зодчество дворец Мазлумхан-сулу//Материалы и исследования по реставрации архитектурных памятников Узбекистана. Вып 1.-Ташкент 1971.
15. Хакимниязов Ж. Х. ОБЩЕСТВЕННО-КУЛЬТОВЫЕ И МЕМОРИАЛЬНЫЕ СООРУЖЕНИЯ ХОРЕЗМА X-XV ВВ.(Историко-археологическое исследование) //Историкоархеологическое исследование). Автореф. дисс. канд. ист. наук. Самарканд. – 1999.

16. Хакимниязов, Ж. "Уникальный памятник городище Миздахкана." *Материалы Международной научной конфе-ренции «Арало-Каспийский регион в истории и культуре Евра-зии* (2006): 25-27.
17. Ходжаниязов Г. и Дж. Хакимниязов. «Семь прекрасных памятников Каракалпакстана». (2004): 30-31. Ходжаниязов Г. и Дж. Хакимниязов. «Семь прекрасных памятников Каракалпакстана». (2004): 30-31.
18. Хожаниязов Г, Юсупов Н, Қдырниязов М.-Ш, Төребеков М.Т, Авизова А. Саипанов Б, Багдасарова Н. Археологические исследования в некрополе Миздахкана// Вестник ККФАН УзССР. № 3.1989.
19. Хожаниязов Г., Юсупов Н., Сайпанов Археологические работы в Миздахкане в 1989. Вестник ККОАН РУз. Нукус 1990, №4.
20. Хожаниязов Г., Юсупов Н. Новые данные о комплексе Шамун-наби. ВКФ АН РУз, № 4, 1997.
21. F.J.Utepbergenov. Tarix fanlari bo‘yicha falsafa doktori (PhD) dissertatsiyasi Avtoreferati. T.2025.
22. Ягодин В.Н. К изучению топографии и хронологии древнего Миздахкана//В Кн,: История археология и этнография Средней Азии. -М,:Наука, 1968.
23. Ягодин В.Н., Ходжаев Т. Некрополь древнего Миздахкана. Т., "Фан", 1970.
24. Ягодин В.Н. Ходжейли-древнейший город Республики Каракалпакстан. Тезисы докладов научно-практической конференции "Ходжейли- древнейший город Республики Каракалпакстан". Ходжейли, 1994.
25. Якубовский А.Ю. Городище Миздахкан // ЗКВ.-Л. 1930., T.V.

**Резюме**. Мақалада Миздахкан - Шамун– Наби үйренилиў тарийхы сөз етиледи. Сондай ак мақалада, Мазлумхан сулыў комплекси үйнерилиў тарийхы илимий дереклер ҳәм әдебиятлар тийкарында анализленеди.

**Таяныш сөзлер:** археологиялық естеликлер, тарийхый дереклер, Миздаҳхан комплекси, қазыў жумыслары.

**Резюме** В статье обсуждается история изучения Миздахкан-Шамун-Наби. В статье также анализируется история строительства Мазлумханского живописного комплекса на основе научных источников и литературы.

**Ключевые слова:** археологические памятники, исторические источники, комплекс Миздахан, раскопки.

**Summary** The article discusses the history of Mizdakhan-Shamun-Nabi's study. The article also analyzes the history of the Mazlumkhan beauty complex's construction based on scholarly sources and literature.

**Key words**: archaeological monuments, historical sources, Mizdakhan complex, excavation works.

---